

Ou pa gen asirans?

Si ou pa gen asirans, ou ka kapab fè tès depistaj la kanmenm. Pwogram Sèvis Kansè nan Eta New York (New York State Cancer Services Program) ofri tès depistaj gratis pou kansè nan kolon nan chak konte ak minisipalite, pou moun ki abite New York ki kalifye, ki pa gen asirans.

Kontakte Pwogram Cancer Services (Sèvis Kansè) nan zòn ou an oswa rele nan **1-866-442-2262** pou w jwenn yon pwogram ki toupre w.



Ou dwe anvizaje enskri w tou nan yon plan sante atravè New York State of Health. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele liy asistans lan nan **855.355.5777** oswa ale sou: nystateofhealth.ny.gov



Cancer Services
Program

Yon pwogram nan Depatman Sante



Department
of Health



AI FÈ TÈS pou Kansè nan Kolon

Gen plis pase yon sèl tès depistaj pou kansè nan kolon.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou.

**Kèlkeswa tès ou chwazi a,
fè tès depistaj la se sa
ki pi bon chwa a.**

**Tout moun ki gen 45 lane
oswa plis ta dwe fè tès
pou kansè nan kolon.**

Divès kalite kansè nan kolon

Tès Depistaj yo

Tès Poupou pou w fè Lakay ou

- Gen 3 kalite tès ou ka fè lakay ou:
Tès iminochimik fekal (Fecal Immunochemical Test, FIT), Tès iminochimik fekal-ADN (oswa tès ADN nan poupou, FIT-DNA) oswa Tès pou Detekte San ki Kache nan Pouppou (Fecal Occult Blood Test, FOBT)
- Ou fè tès sa yo lakay ou epi ou voye echantyon poupou yo nan klinik yon doktè oswa nan yon laboratwa.
- Tès sa yo montre si gen san nan poupou ou.
- Si yo jwenn san, w ap gen pou w fè yon **koloskopi** pou yo jwenn kòz ki fè w ap senyen an.
- Tès sa yo san danje epi yo fasil pou w fè. Ou pa oblige pran konje nan travay ou.
- **FIT** ak **FOBT** fèt yon fwa chak ane.
FIT-DNA fèt yon fwa chak twazan.

Èske w te Konnen...

- Kansè nan kolon se 2zyèm kòz pou lanmò akòz kansè, men li pa oblige konsa.
- Tès depistaj yo ka detekte kansè nan kolon an bonè, lè tretman an mache pi byen.
- **Tès yo ka detekte timè yo (polip yo) pou yo ka gentan retire yo anvan yo vin tounen kansè.**
- **Kansè nan kolon oswa polip yo ka pa bay okenn sentòm, sitou okòmansman. Pa rete tann sentòm yo anvan ou fè tès.**

Koloskopi

- Yon koloskopi fèt nan klinik yon doktè oswa lòt sant medikal.
- Doktè a chèche timè (polip) oswa kansè nan rektòm nan ak nan kolon an.
- Yo ka retire nenpòt polip yo jwenn pandan tès la. Sa ka ede evite kansè.
- Y ap ba ou medikaman pou fè w pi alèz oswa pou fè w dòmi pandan tès la.
- Si rezulta tès ou a nòmal, ou ka fè yon koloskopi yon fwa chak 10 zan. Sinon, doktè ou ap fè w konnen kilè ou ta dwe fè pwochen tès la.

Sigmoyidoskopi fleksib

- Yon sigmoyidoskopi fleksib fèt nan klinik yon doktè oswa lòt sant medikal.
- Doktè a chèche polip oswa kansè anndan rektòm lan ak nan dènye bout nan kolon an.
- Tès sa a fèt chak senkan oswa chak 10 zan ak yon FIT chak ane.

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou epi chwazi tès ki bon pou OU a.